LI TAX MA DONE

KILIFEU : It's been a long time sama rouk mind
Meu binde yilé rime, bi yone it's time
Aw meu wone beateum
Hamal ay niteum
Tek si wane ko ni teum
Bou yone bi léré niiteum
Mo meu goungué bé meu yégue
Mo téyé samey mbague
Dou tey dafa yague
Matlé meu beu mou dague
Soumey djengou yama djey
Li meu gnémé ya meu dey
Hamal meu warou meu rey
Gasal meu tène bou doul dey
Adouna ay choix leu, profession de foi leu
Yène bi andoulak teigne diss thi bop poids leu
Thi gnénène joie leu, thi gnoune gnou pointer du doigt
May reine sama roi leu

REFRAIN : Djeureudjeuf thi seu djeuf ya meu def li meu done
Djokondial ya meu fal siguil meu samey none

Djeureudjeuf thi seu djeuf ya meu def li meu done
Djokondial ya meu fal siguil meu samey none

THIAT : Tek meu thi rail, neubeul meu sameu faille
Bidew bi nek thi mane taak gueuneu rayi rayi
Fek meu thi nadj bi indil meu feu ker
Sépil meu haham yi bé sama yone bi ler
May seu liir yay sama ndèye
Tah meu feth bé am wey
Ya meu né tontou dou froh, kou leu gnak toroh
Ndahté yow do pourouh té ko bayi mou sourouh
Sou done mane késé meu deup
Bou doul wone yow taak na djeup
Na leu siguil bé kène dou leu ré
Na leu bégueul bé gneup di leu gné
Def nga meu as, kène dou meu hass
Ya meu sass meu labali fass
Tek meu fou kawé, kène dou meu djégué
Kène dou meu roubé, mane leu gnouy djobé
Yay sama coudou bé tah dou meu lak
Ya mey teugueul sama baak

REFRAIN : Djeureudjeuf thi seu djeuf ya meu def li meu done
Djokondial ya meu fal siguil meu samey none

Albarka ya oubi mbalka fadjal meu maar meu

Djeureudjeuf thi seu djeuf ya meu def li meu done
Djokondial ya meu fal siguil meu samey none
Albarka ya oubi mbalka fadjal meu maar meu

KILIFEU : Mo meu taha am ndam beu hadj yi di ko mbow
Boudoul wone andam dina guiss mbaw
Tingome meu thi kaw, doumeu tiim dimeu saw
Labali meu daw bé tey meu meuneu raw
Fo nek dougn meu feu hass
Liguey bou bone bi ya ko fahass
Tilim tilim bi ya ko rahass
Ya soul leu none yi gass

THIAT : Lek alom gueureumé ko thioy
Yeuk haleum fompal ko djoy
Alhamdou li raabi li rabi
Kou ham li rap bi di raabii
Toumranké deudou neu leu, ab thiante gnel neu leu
Djoub beu leu faal boko waté gnou foli leu
Kou dègue lii daal djeuleul yay borom son bi lii leu
Represent Galsen, that's what i'm saying

REFRAIN : Djeureudjeuf thi seu djeuf ya meu def li meu done
Djokondial ya meu fal siguil meu samey none
Albarka ya oubi mbalka fadjal meu maar meu
Djarama public galsen represent leu war meu

Djeureudjeuf thi seu djeuf ya meu def li meu done
Djokondial ya meu fal siguil meu samey none
Albarka ya oubi mbalka fadjal meu maar meu
Djarama public galsen represent leu war meu